


Byen Konprann Evalyasyon, Elijiblite, ak Pwosesis Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) nan Merilann



Depatman Leta Merilann pou Edikasyon
Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè

Mizajou 12/2008

Tab dè Matyè:

Entwodiksyon	2
Sèvis Sipò pou Fanmi	3
Lòt Resous Itil pou Fanmi	4
Idantifikasyon Timoun Andikape	
Premye Ranvwa	6
Detèminen Bezwen pou Evalyasyon	7
Evalyasyon endividyèl	7
Evalyasyon	8
Premye Evalyasyon	9
Kalandriye Pou Lè Premye Evalyasyon an Fini	10
Reevalyasyon	11
Sispansyon Sèvis	11
Tranzisyon soti nan Pwogram Tibebe ak Timoun Piti	12
Etap Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP)	
Reyinyon Ekip IEP	13
Patisipasyon Paran nan Reyinyon	13
Ekip IEP an	15
Prezans Ekip IEP an	16
Sa IEP gen Ladan Li	16
Sèvis Tranzisyon	17
Rezime Pèfòmans	18
Bay Konsantman pou Sèvis Edikasyon Espesyal	18
Anile Konsantman pou Sèvis Edikasyon Espesyal	18
Devlopman, Egzaminasyon ak Revizyon IEP	19
Koreksyon	20
Plasman	20
Aplikasyon IEP	21
Timoun ki Transfere nan Yon Lòt Etablisman piblik	21
Kondisyon pou Diplome	22
Sèvis pou Ane Eskolè ki Pwolonje (ESY)	22

Entwodiksyon:

Depatman Leta Merilann pou Edikasyon (MSDE) te devlope gid sa-a pou ou byen konprann evalyasyon, elijiblite, ak etap IEP nan Merilann pou ede ou pi byen konprann dwa pitit ou genyen, dwa ou ak responsablite ou, ansanm ak responsablite lekòl la pou satisfè bezwen espesyal pitit ou an. Gid sa-a gen ladan li yon deskripsyon sou Chache yon Timoun, evalyasyon, detèminasyon elijiblite, ak Etap Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) yo.

Dapre rechèch ki fèt, timoun reyisi plis lekòl lè fanmi yo patisipe nan devlopman ak edikasyon pitit yo. Pou yon timoun ki gen yon andikap, patisipasyon paran kapab menm pi gran. Anpil fwa, paran yo sèl oswa pi bon sous enfòmasyon sou pwèn fò yon timoun ak sou kijan yon andikap enfluyans devlopman oswa kapasite timoun nan pou li aprann. Paran jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit yo. Lalwa egzijè paran ak anplwaye lekòl travay ansanm pou yo bay timoun yo bon jan sèvis edikasyon. Antank paran yon timoun andikape, ou dwe poze kesyon epi mande asistans lè ou santi ou bezwen sa.

Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèkansyon Bonè MSDE an kenbe yon rezo twa branch pou Koòdonatè lokal sipò pou fanmi ki ede paran timoun andikape depi yo fèk fèt jouktan yo genyen 21 an, ranpli wòl yo nan demach pou jwenn edikasyon espesyal ak sèvis entèkansyon bonè pou pitit yo. Chak jiridiksyon nan Merilann genyen yon koòdonatè sèvis sipò fanmi pou fanmi timoun andikape nan chak kategori laj sila yo:

- depi yo fèt jiska 3 zan – Rezo Sipò pou Fanmi
- 3 zan jiska 5 an – Patnè Lekòl Matènèl
- 5 an jiska 21 an – Patnè nan Reyisit

Koòdonatè sa yo disponib pou diskite entèvansyon bonè avèk sèvis edikasyon espesyal, ankouraje nouvo rapò nan mitan fanmi, bay resous epitou jere bibliyotèk k'ap prete liv, òganize sesyon fòmasyon pou paran ak gwoup sipò, epi reponn kesyon. Yo ede paran yo tou rezoud pwoblèm ak sistèm lekòl atravè fasilite pou enfòmèl oswa nan bay enfòmasyon sou etap pou rezoud malantandi kòm sadwa, jan Lwa 2004 pou Amelyore Edikasyon Moun ki Andikape (IDEA) an defini sa.

Nan pwochen paj la gen yon lis koòdonatè sèvis sipò pou fanmi nan jiridiksyon ou. Tout koòdonatè nou yo deja pare pou travay avèk ou nan avantaj timoun andikape.



Sèvis Sipò pou Fanmi

Pou Fanmi Timoun Andikape:

Lis Koòdonatè Sèvis Lokal Sipò pou Fanmi

Jiridiksyon	Sipò pou Fanmi Rezo Laj Depi yo fèt jiska 3 zan	Patnè Lekòl Matènèl Laj 3 zan jiska 5 an	Patnè nan Reyisit Laj 3 zan jiska 21 an
Allegany County	301-689-2407	301-689-2407	301-689-2407
Anne Arundel County	410-222-6911	410-222-3805	410-222-3805
Baltimore City	410-396-1666	410-396-8995	410-396-8995
Baltimore County	410-887-2169	410-887-5443	410-887-5443
Calvert County	410-535-7387	410-535-7387	410-535-7387
Caroline County	410-479-4204	410-479-4204	410-479-4204
Carroll County	410-876-4437	410-751-3955	410-751-3955
Cecil County	410-996-5637	410-996-5637	410-996-5637
Charles County	301-934-7456	301-934-7456	301-934-7456
Dorchester County	410-221-0837	410-221-0837	410-221-0837
Frederick County	301-600-1617	301-600-1617	240-236-8430
Garrett County	301-334-8119	301-334-8119	301-334-8935
Harford County	410-638-3823	410-638-3823	410-273-5579
Howard County	410-313-7161	410-313-7161	410-313-7161

Kent County	410-778-5708	410-778-5708	410-778-5708
Montgomery County	240-777-4809	240-777-4809	301-279-3100
Prince George's County	301-883-7428	301-883-7428	301-431-5675
Queen Anne's County	410-827-4629, ekst. 149	410-827-4629	410-758-3693
Somerset County	410-651-9413	410-651-9413	410-651-9413
St. Mary's County	301-475-4393	301-475-4393	301-863-4069
Talbot County	410-820-7468	410-820-7468	410-820-7468
Washington County	301-766-8221	301-766-8221	301-766-8221
Wicomico County	410-677-5250	410-677-5250	410-677-5250
Worcester County	410-632-5234	410-632-5234	410-632-5234

Koòdonatè Sèvis Nasyonal Sipò pou Fanmi

Sèvis Sipò pou Fanmi Depatman Edikasyon Leta Merilann (tankou sipò konsakre pou fanmi militè nan Merilann ak fanmi prizonye ansanm ak lajenès angaje)	1-800-535-0182
Lekòl Merilann Pou Avèg	1-800-400-4519 ekst. 489
Lekòl Merilann Pou Moun Soud	410-480-4597
Tout Lis lan disponib sou Entènèt nan sit: www.mdecgateway.org	

Lòt Resous Itil

Pou Fanmi Timoun Andikape:

- **Depatman Edikasyon Leta Merilann**

<http://marylandpublicschools.org/msde>

Enfòmasyon sou inisyativ Depatman Edikasyon Leta Merilann ak Lekòl piblik Merilann, tankou evalyasyon ak Pwogram Volontè Leta Merilann lan.

- **Depatman Edikasyon Leta Merilann**

Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè

<http://marylandpublicschools.org/msde/Divisions/earlyinterv/>

Resous sou Otis, Mete IEP sou pye avèk èd Fanmi nan Merilann, Fòmèlè Nasyonal IEP ak Fòma, Resous sou Rezoud Malantandi, ak lòt ankò.

- **Pòtay sou Premye Stad Zanfans nan Merilann**

<http://ww.mdecgateway.org>

Yon resous elektwonik pou founisè avèk fanmi ki gen timoun piti andikape, laj depi li fèt jiska senk an.

- **Garanti Pwosedè**

Gid sa-a pa fèt pou ranplase dokiman sou garanti pwosedè yo, ni okenn avi obligatwa; li pa ranplase nonplis règleman leta yo sou edikasyon espesyal. Pou ede ou pi byen konprann dwa legal ou, gen defwa pandan etap sa yo, lekòl yo pral ba paran yo yon kopi dokiman sou garanti pwosedè yo ki rele Dwa Paran – Anons Garanti Pwosedè. Yon kopi elektwonik Dwa Paran yo ak –Anons Garanti Pwosedè disponib sou sit: www.marylandpublicschools.org/MSDE/Divisions/earlyinterv/Special_Ed_Info.htm.

- **Kòd Règleman Merilann (COMAR)**

Divizyon Leta pou Sit Entènèt Dokiman Leta yo pèmèt moun konsilte Kòd Règleman Merilann: <http://www.dsd.state.md.us/comar/>.

- **Depatman Edikasyon Etazini**

Depatman Edikasyon Etazini bay resous ki gen rapò ak Lalwa pou Edikasyon Moun ki Andikape: <http://idea.ed.gov/>.

Idantifikasyon Timoun Andikape:

Chache Timoun demach sistèm lekòl lokal ak etablisman piblik yo toujou itilize, pou idantifye timoun 3 zan jiska 21 an, ki bezwen edikasyon espesyal sèvis antank elèv andikape. Merilann aplike règleman ak enstriksyon pou asire yo lokalize, idantifye, evalye tout timoun andikape ki rete nan Leta an, tankou timoun andikape ki ale nan lekòl prive, kèlkeswa degre grav andikap yo an, epi ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Merilann itilize tou metòd pratik pou deside ki timoun ki ap resevwa kounyeya edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo bezwen tankou:

- Timoun ki ale nan lekòl elemantè prive, lekòl segondè prive, ak lekòl ak chat anndan jiridiksyon sistèm lekòl lokal lan;
- Timoun ki deplase anpil; □ Timoun k'ap deplase;
- Timoun san Kay;
- Anba gad Leta; epi
- Timoun yo sispèk ki elèv andikape menmsi yo ap avanse nan pi gwo klas.

Premye Ranvwa:

Yon paran oswa yon anplwaye lekòl kapab mande direktè timoun nan oswa administratè lokal edikasyon espesyal li an pou yo evalye timoun nan nenpòt kilè alekri. Yon demann alekri dokimante referans ou an epi li tabli kalandriye referans lan. Moun k'ap fè referans lan dwe eksplike rezon poukisa yo mande yon evalyasyon ak nenpòt ki jefò ki te fèt pou abòde kesyon yo.

Si etablisman piblik lan detèminen yo bezwen evalyasyon an, yo dwe mande konsantman ou touswit pou evalye pitit ou an pou deside si timoun nan bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Yon etablisman piblik pa kapab fè evalyasyon endividalize pitit ou an san konsantman kòm sadwa ou alekri. Yon

etablisman piblik pa oblije jwenn konsantman ou anvan li egzaminen enfòmasyon ki deja la ni bay pitit ou an yon tès yo bay tout lòt timoun, sòfsi yo mande paran tout lòt timoun konsantman pa yo. Si yon etablisman piblik kwè pitit ou an kapab genyen yon andikap ki kapab mande yo ba li edikasyon espesyal, epi ou refize bay konsantman kòm sadwa ou alekri, etablisman piblik yo kapab mande ou patisipe nan medyasyon an oswa nan yon pwosè kòm sadwa. Yon etablisman piblik dwe respekte delè yo dekri nan Kòd Règleman Merilann (COMAR), sòfsi paran elèv lan ak Ekip IEP an ta deside ansanm pwolonje kalandriye an.

Detèminen Bezwen Pou Evalyasyon:

Etablisman piblik yo dwe asire metòd evalyasyon fèt kòm sadwa epi paran yo resevwa yon anons alekri sou nenpòt ki metòd evalyasyon etablisman piblik yo pwopoze oswa refize mennen. Si yon etablisman piblik detèminen okenn lòt enfòmasyon pa nesesè oswa si li pa sispèk pitit ou an yon elèv andikape epi li pa genyen yon reta nan devlopman li, etablisman piblik lan dwe ba ou yon avi alekri poutèt yo refize evalye pitit ou an. Si ou pa dakò avèk desizyon an, ou kapab fè apèl lè ou prezante yon plent pou yon seans tande pwosè kòm sadwa bòkote Biwo pou Seyans Administratif Tribinal (OAH).

Evalyasyon:

Evalyasyon metòd ki endividyalize pou chak elèv. Yon etablisman piblik kapab itilize yon pakèt zouti evalyasyon ak strateji pou rasanble ase enfòmasyon akademik, fonksyonèl epi devlopman tal sou timoun lan. Enfòmasyon sa-a kapab ede detèminen si timoun nan yon elèv andikape ak sa ki nan IEP timoun nan. Enfòmasyon akademik gen ladan li pwogrè pitit ou an nan pwogram jeneral lan, oswa pou yon timoun lekòl matènèl: patisipasyon li nan aktivite ki apwopriye yo. Evalyasyon an gen ladan li tès enprime, obsèvasyon, enfòmasyon paran bay, ansanm ak lòt sous enfòmasyon ki:

- Te chwazi epi administre nan yon manyè ki pa fè diskriminasyon ras oswa

diskriminasyon sou kilti moun;

- Te administre nan lang manman timoun nan oswa atravè lòt mwayen kominikasyon epi nan jan ki plis kapab bay enfòmasyon ki kòrèk sou sa timoun nan konnen epi sa li kapab fè lekòl, nan devlopman li ak jan li ap fonksyone, amwenske sa pa kapab fèt;
- Te itilize pou koze evalyasyon yo oswa mezi yo valid epi fyab; □ Ke yon pèsonèl konpetan epi kalifye te administre selon enstriksyon ki nan tèspwodiktè an;
- Te adapte pou idantifye zòn espesifik bezwen pou edikasyon, pa senpleman pou bay yon sèl rezilta entelijans jeneral; epi
- Te seleksyonnen pou byen reprezante kapasite yon timoun oswa reyisit li, olye move kapasite manyèl, sansyèl, langaj timoun nan, sòf kote kapasite sa yo faktè ke tèsp lan dwe mezire.

Chak rapò sou metòd evalyasyon dwe gen ladan li:

- Yon deskripsyon pèfòmans timoun nan nan chak zòn yo sispèk li genyen yon andikap;
- Enfòmasyon sou fonksyon, konesans, devlopman, konpòtman ak fizik ki apwopo;
- Enplikasyon enstriksyonèl pou patisipasyon timoun nan nan pwogram jeneral lan oswa, pou yon timoun lekòl matènèl: patisipasyon nan aktivite ki apwopriye; epi
- Pou nenpòt ki evalyasyon ki pa administre nan kondisyon nòmal, yon deskripsyon sou jan li diferan de demach administratif nòmal yo.

Evalyasyon:

Evalyasyon vle di metòd ki itilize selon règleman federal ak Leta konsènan metòd pou evalyasyon ak eljiblite, pou deside si yon timoun genyen yon andikap, ak kisa li bezwen pou edikasyon li. Yo fè yon evalyasyon ki konplè epi ki endividalize

anvan yo bay yon elèv andikape edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, selon IDEA an. Yo fè yon evalyasyon nan yon reyinyon ekip IEP an epi, si sa nesèsè, lòt pwofesyonèl kalifye va egzaminen:

- Enfòmasyon ki deja la ak rezilta evalyasyon yo;
- Evalyasyon ak enfòmasyon paran yo bay;
- Evalyasyon aktyèl ki baze sou sal klas, tankou evalyasyon ak obsèvasyon Leta nan tout distrik lan, epi
- Obsèvasyon pwofesè fè ak sèvis ki ratache pou staf lan deside:
 - si timoun nan yon elèv andikape;
 - Edikasyon timoun nan bezwen;
 - Nivo akademik aktyèl pèfòmans li ak nivo developmental li bezwen;
 - Edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache timoun nan bezwen menmsi yo gen rapò oswa yo pa gen rapò ak kategori andikap kote yo te klase timoun nan; epi
 - nenpòt ki lòt enfòmasyon owa chanjman ki nesèsè pou timoun nan satisfè objektif IEP li epi patisipe, si sa nesèsè, nan pwogram jeneral lan.

Premye Evalyasyon:

Premye Evalyasyon an dwe byen detaye pou asire yo evalye yon timoun nan tout zòn ki gen rapò ak andikap yo sispèk la, tankou pa egzanp:

- Pèfòmans akademik
- Kominikasyon
- Entelijans jeneral
- Sante, avèk tès tande ak vizyon
- Kapasite mouvman
- Kondisyon sosyal, emosyonèl ak konpòtman

Yo pa itilize yon sèl metòd pou deside si yon timoun yon elèv andikape epi ki pwogram edikasyon ki konvni pou timoun nan.

Yo kapab pa idantifye yon timoun tankou yon elèv andikape ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache si pi gwo rezon an se:

- yon mank edikasyon apwopiye nan lekti, tankou eleman esansyèl anseyman lekti ki se:
 - konesans fonèm
 - fonik
 - devlopman vokabilè
 - lekti san pwoblèm, tankou kapasite oral pou lekti
 - strateji pou konprann lekti
- mank anseyman nan matematik
- Konpetans limite timoun nan an Angle, sòfsi timoun nan kalifye yon lòt jan tankou yon timoun andikape.

Kalandriye Pou Lè Premye Evalyasyon an va Fini:

Paran yon timoun oswa yon etablisman piblik kapab kòmanse yon demann pou yon premye evalyasyon pou deside si timoun nan yon timoun andikape. Premye evalyasyon an dwe fin fèt 60 jou apre dat paran an te resevwa alekri konsantman pou evalye timoun nan. Yon biwo lokal pou edikasyon pa dwe aplike kalandriye 60 jou an si:

- Yon timoun enskri nan yon lekòl etablisman piblik ap sèvi apre paran yo te bay konsantman yo pou evalyasyon inisyèl lan nan yon lòt etablisman piblik epi anvan ansyen etablisman piblik lan te detèminen si timoun nan te yon timoun andikape. Eksepsyon sa-a aplike sèlman si pwochen etablisman piblik lan ap fè ase pwogrè pou asire evalyasyon an fèt rapid, epi paran an ak pwochen etablisman piblik lan dakò pou bay yon

kalandriye spesifik pou evalyasyon an fini fèt;

- Paran yon timoun toujou pa voye oswa refize voye timoun nan pou evalyasyon an; oswa
- Etablisman piblik lan ak paran an, yo toulède dakò sou papye pou pwolonje delè 60 jou evalyasyon an.

Si pandan premye evalyasyon an, ekip IEP an detèminen timoun nan genyen yon andikap ak yon bezwen pou edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, ekip IEP an dwe rankontre pandan 30 jou premye evalyasyon pou devlope IEP timoun nan. Etablisman piblik yo va bay paran yon kopi desizyon evalyasyon ekip IEP an.

Tranzisyon soti nan Pwogram Tibebe ak Timoun Piti:

Yon etablisman piblik dwe konvoke yon reyinyon ekip IEP la pou deside si yon timoun nan tranzisyon soti nan yon Pwogram lokal Tibebe ak Timoun Piti genyen yon andikap ki mande yo ba li edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Si yo te sèvi timoun nan anvan sa dapre Seksyon C, yo dwe voye yon envitasyon pou premye reyinyon IEP an, si paran an mande sa, ba koòdonatè sèvis Seksyon C an oswa ba lòt reprezantan sistèm Seksyon C an pou fasilite sèvis tranzisyon san pwoblèm. Si ekip IEP an detèminen timoun nan yon elèv andikape oswa li gen reta nan devlopman li, ekip IEP an dwe devlope yon IEP pou timoun nan. IEP timoun nan dwe an vigè lè timoun nan gen 3 zan.

Reevalyasyon:

Yon etablisman piblik dwe asire yon reevalyasyon pou chak timoun andikape fini fèt si:

- Etablisman piblik lan detèminen bezwen pou edikasyon oswa pou sèvis ki ratache yo, tankou reysit akademik amelyore ak pèfòmans fonksyonèl, timoun nan merite yon reevalyasyon; oswa
- Si paran timoun nan oswa pwofesè li mande yon reevalyasyon.

Yon reevalyasyon pa dwe fèt pi souvan pase yon fwa pa ane, sòfsi paran an ak

etablisman piblik lan ta dakò pou sa; epi li dwe fèt omwen yon fwa chak twa ane, sòfsi paran an ak etablisman piblik lan dakò ke yon reevalyasyon pa nesesè. Lè sa posib, etablisman piblik lan dwe ankouraje reyinyon pou konsolide reevalyasyon timoun nan ak lòt reyinyon ekip IEP pou timoun nan. Ekip IEP an pral egzaminen enfòmasyon pou evalyasyon ki deja la, tankou enfòmasyon paran bay, evalyasyon ki baze sou sal klas, evalyasyon Leta ak evalyasyon nan tout distrik la, ansanm ak obsèvasyon pou deside si yo bezwen nenpòt ki lòt enfòmasyon pou deside:

- Si timoun nan kontinye genyen yon andikap ki mande yo ba li edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache;
- Nivo aktyèl pèfòmans akademik timoun nan ak lòt bezwen pou devlopman li; epi
- Si genyen nenpòt ki lòt bagay oswa lòt modifikasyon timoun nan bezwen pou li atenn objektif anyèl IEP li yo ka mezire epi pou li kapab patisipe, si sa konvni, nan pwogram jeneral la.

Si ekip IEP an detèminen ke yo bezwen lòt enfòmasyon, yo pa pral fè evalyasyon jouktan yo avize paran yo epi jouktan yo mande konsantman paran yo. Ekip IEP an pral egzaminen rezilta evalyasyon yo pandan 90 jou apre dat ekip IEP an te rekòmande yo fè evalyasyon yo. Si ekip IEP an detèminen yo pa bezwen lòt enfòmasyon, etablisman piblik lan pral avize paran an sou sa, ak sou rezon pou desizyon sila-a. Etablisman piblik lan pa oblije fè evalyasyon, poutèt yon reevalyasyon, amwenske paran timoun nan te mande sa.

Sispansyon Sèvis:

Yon etablisman piblik dwe reevalye yon elèv andikape selon règleman federal ak Leta anvan li detèminen timoun nan pa yon elèv andikape ankò. Yo pa te mande reevalyasyon sa-a anvan yo sispann elijiblite yon timoun dapre Seksyon B IDEA poutèt li diplome avèk yon diplòm nòmal lekòl segondè, oswa poutèt li depase laj elijiblite pou yon frè apwopriye pou edikasyon piblik (FAPE) dapre lalwa Leta an.

Etap Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) an:

Reyinyon Ekip IEP:

Etablisman piblik lan itilize yon metòd pa ekip pou deside si yon timoun yon elèv andikape jan IDEA defini sa ak pou detèminen bezwen edikasyon timoun nan. Chak etablisman piblik responsab pou kòmanse epi òganize reyinyon pou devlope, egzaminen, epi revize IEP yon elèv andikape, epi detèminen plasman edikasyon timoun nan. Yo dwe avize paran chak elèv andikape epi ba yo opòtinite pou yo patisipe nan nenpòt ki reyinyon ekip IEP an ta òganize pou timoun nan.

Paran yo manm ekip IEP an ki ap pran desizyon sou plasman edikasyon timoun nan. Etablisman piblik lan dwe fè jefò rezonab pou asire paran yo konprann, epi yo kapab patisipe nan nenpòt ki diskisyon gwoup ki gen rapò ak plasman pitit yo nan lekòl: pa egzanp: fè aranjman avèk yon entèprèt pou paran ki soud, oswa pou sila yo lang manman yo pa Angle.

Yon fwa Ekip IEP an detèminen timoun nan bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, ekip IEP an dwe reyini pandan 30 jou pou devlope IEP timoun nan. Antank manm ekip IEP an, paran yo genyen dwa pou mande yo egzaminen IEP pitit yo an nenpòt kilè.

Patisipasyon Paran nan Reyinyon:

Chak etablisman piblik dwe pran mezi pou asire ke yon paran oswa toulède paran yon elèv andikape prezan nan chak reyinyon Ekip IEP an, oswa yo jwenn okazyon pou yo patisipe. Yo dwe avize paran yo byen alavans yon jan pou asire yo va genyen yon okazyon pou asiste, epi yo dwe planifye reyinyon an epi toulède dwe dakò sou lè ak sou kote li va ye. Avi an dwe site rezon, lè, kote reyinyon, ak kilès ki pral asiste ladan li. Avi an dwe enfòme paran yo tou ke jan yomenm, oswa jan etablisman piblik lan vle sa, lòt moun ki konnen koze an oswa ki gen konpetans

espesyal sou timoun nan, ansanm ak pèsònèl sèvis ki ratache yo, kapab patisipe, kòmsadwa, nan ekip IEP an. paran yo oswa etablisman piblik lan ki fèt pou jije konesans oswa konpetans espeyisyèl nenpòt ki moun ki te envite moun sila-a pou li vini yon manm ekip IEP an.

Pou yon elèv ki te vini genyen yon andikap apati 14 an, oswa lè li te pi piti, si sa konvni, avi an dwe siyale tou ke youn nan objektif reyinyon an pou fè yon deklarasyon sou sèvis tranzisyon elèv lan bezwen epi envite elèv lan pandan l'ap idantifye nenpòt ki lòt ajans ke yo pral mande voye yon reprezantan li. Anvan yon etablisman piblik kapab envite yon lòt reprezantan yon ajans, konsantman paran yo obligatwa.

Yon anons sou nenpòt ki reyinyon ekip IEP pou devlope, egzaminen, oswa revize yon IEP timoun nan, tankou deside plasman lekòl timoun nan, dwe pibliye omwen di (10) jou anvan reyinyon an sòfsi yo konvoke yon reyinyon ijan pou:

- Abòde mezi disiplin;
- Detèminen plasman timoun nan, si li yon elèv andikape epi li pa ap resevwa aktyèlman sèvis edikasyon; oubyen
- Satisfè lòt bezwen ijan timoun nan pou asire yo ba li FAPE.

Si okenn paran pa kapab asiste, etablisman piblik lan dwe itilize lòt metòd tankou rele yo nan telefòn oswa fè yon konferans pa telefòn pou asire paran an patisipe. Yon reyinyon kapab fèt san yon paran asiste si etablisman piblik la pa kapab konvenk paran yo ke yo dwe patisipe. Ekip IEP an kapab pran yon desizyon sou plasman san patisipasyon paran yo si etablisman piblik la pa kapab reyisi fè paran an patisipen an desizyon an. Nan yon ka konsa, etablisman piblik la dwe genyen yon dosye ki dokimante tout tantativ li te fè pou planifye reyinyon an nan tèt kole sou lè ak kote an, tankou dosye detaye koutfil li te fè oswa li te tante fè ansanm ak rezilta apèl sa yo, kopi korespondans li te voye ba paran yo ak nenpòt ki repons li te resevwa, epitou dosye detaye tout vizit li te fè kay paran an oswa nan travay li, avèk rezilta vizit sa yo.

Yon reyinyon pa dwe genyen konvèsasyon enfòmèl ni konvèsasyon ki pa te planifye ak estaf etablisman piblik ni konvèsasyon sou koze tankou metòd anseyman, plan leson, oswa sèvis koòdinasyon ki te bay, si yo pa abòde koze sa yo nan IEP timoun nan. Yon reyinyon pa dwe genyen tou aktivite preparasyon yon estaf etablisman piblik te fè pou devlope yon pwojè oswa yon repons ba yon pwojè yon paran, ke yo pral diskite nan yon lòt reyinyon.

Ekip IEP an:

Ekip IEP an gen ladan li:

- Paran timoun nan, gadyen li, oswa yon ranplasan paran;
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon jeneral timoun nan si timoun nan ap patisipe oswa si li kapab patisipe nan anviwonman edikasyon jeneral lan. Si timoun nan pa genyen yon pwofesè edikasyon jeneral oswa li pi piti pase laj lekòl, yon moun ki kalifye pou anseye yon timoun laj sa-a;
- Pa mwens pase yon pwofesè edikasyon espesyal timoun nan, oswa si sa konvni, yon moun ki ap sèvi timoun nan;
- Yon reprezantan etablisman piblik ki kalifye pou bay oswa pou sipèvize enstriksyon espesyal ki kreye pou satisfè bezwen elèv andikape epi ki konnen pwogram jeneral la ansanm ak resous etablisman piblik ki disponib;
- Yon moun ki kapab entèprete konsekans evalyasyon genyen sou anseyman. Moun sa-a kapab yon manm ekip etablisman piblik lan ki site pi wo la-a;
- Si paran an oswa etablisman piblik lan chwazi lòt moun ki genyen konesans oswa konpetans espesyal sou timoun nan
- Si sa koresponn, epi ak konsantman paran yo, etablisman piblik lan dwe envite yon reprezantan nenpòt ki etablisman piblik k'ap patisipe epi ki kapab responsab pou bay oswa peye pou sèvis tranzisyon; epi

- Si sa konvni, timoun nan. Yo dwe envite timoun nan, yo espere li va asiste nan reyinyon ekip IEP an si pou konsidere objektif apre lekòl segondè pou timoun nan ak sèvis tranzisyon ki nesèsè pou ede timoun nan atenn objektif sa yo.

Patisipasyon Ekip IEP:

Yon manm ekip IEP an pa oblije asiste tout reyinyon IEP an ni yon pati ladan li si paran yon timoun andikape ak etablisman piblik la dakò, alekri, ke manm lan pa bezwen la paske yo pa chanje ni yo pa diskite domèn manm lan nan pwogram lan oswa nan sèvis ki ratache yo.

Yo kapab dispanse yon manm ekip IEP ale nan tout reyinyon IEP an oswa yon pati ladan li lè reyinyon an konsènen yon chanjman oswa diskisyon domèn manm lan nan pwogram lan oswa nan sèvis ki ratache yo, si -

- Paran an ak etablisman piblik la dakò alekri pou dispans la; epi
- Manm ki dispanse an soumèt alekri lide li nan IEP k'ap devlope an bay paran an ak ekip IEP an, anvan reyinyon an.

Sa IEP gen ladan li:

Ekip IEP an devlope IEP ki gen ladan li:

- Yon deklarasyon sou nivo aktyèl pèfòmans akademik ak pèfòmans fonksyonèl, tankou —
 - Kijan andikap timoun nan afekte patisipasyon li ak pwogrè li nan pwogram edikasyon jeneral la (sètadi, menm pwogram lekòl lan tankou sa pou timoun ki pa andikape); oswa
 - Pou timoun lekòl matènèl, jan sa konvni, kijan andikap lan afekte patisipasyon timoun nan nan aktivite ki apwopriye;
- Yon deklarasyon sou objektif anyèl yo kapab mezire, tankou objektif akademik ak objektif fonksyonèl yo konsevwa pou:
 - Satisfè bezwen timoun nan ki rezilta andikap timoun nan pou pèmèt li patisipe pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la; epi
 - Satisfè lòt bezwen edikasyon chak timoun ki rezilta andikap timoun nan.
- Yon deskripsyon repè oswa objektif pou delè kout.
- Yon deskripsyon kijan yo pral mezire pwogrè timoun nan pou atenn objektif

anyèl reyinyon an, epi dekri rapò peryodik sou pwogrè timoun nan ap fè pou atenn objektif anyèl reyinyon an (tankou lè yo itilize rapò trimestriyèl oswa lòt rapò peryodik, an menm tan avèk kanè lekòl yo pral bay.

- Yon deklarasyon sou edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache ansanm ak lòt sèvis ak èd, ki baze sou rechèch kolèg fè tanke posib, pou bay timoun nan, oswa nan non timoun nan, ak yon deklarasyon sou chanjman pwogram lan oswa sipò pou anplwaye lekòl ki pral bay pou pèmèt timoun nan —
 - Pou avanse kòm sadwa epi rive atenn objektif anyèl yo;
 - Pou patisipe nan pwogrè epi pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la epi patisipe nan aktivite andeyò pwogram lan ak lòt aktivite; epi
 - Pou byen fòme epi patisipe avèk lòt timoun andikape ak timoun ki pa andikape;
- Yon eksplikasyon extent, s genyen youn, to which timoun nan pa pral patisipe avèk timoun ki pa andikape yo nan anviwonman edikasyon nòminal ak nan aktivite;
- Yon deklarasyon nenpòt ki moun sou aranjman ki apwopriye epi ki nesèsè pou mezire reyisit akademik ak pèfòmans fonksyonèl timoun nan nan Evalyasyon Leta ak nan tout distrik la; epi
- Si ekip IEP an detèminen timoun nan dwe sibi yon lòt evalyasyon olye yon evalyasyon nòminal espesyal Leta oswa nan tout distrik la reyisit elèv la, yon deklarasyon poukisa—
 - Timoun nan pa kapab patisipe nan evalyasyon nòminal, epi
 - Lòt evalyasyon espesyal yo chwazi ki apwopriye pou timoun nan;
- Dat yo prevwa pou kòmanse sèvis ak chanjman yo, ak entèval yo prevwa, kote, ak kantite tan sèvis ak chanjman sa yo va dire.

Yon etablisman piblik dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache ba yon timoun selon IEP timoun nan epi fè jefò nan bòn fwa pou ede timoun nan atenn bi ak objektif oswa repè ki sou lis IEP an. Yo pa dwe rann responsab yon etablisman piblik, yon pwofesè, oswa yon lòt moun si yon timoun pa pwogrese jan yo te prevwa sa nan objektif anyèl ak repè yo oswa objektif.

IDEA 2004 pa mande yo mete lòt enfòmasyon nan IEP yon timoun anplis sa statu IDEA an mande espesyalman oswa enfòmasyon ekip IEP an pral mete selon yon eleman IEP yon timoun ki deja anndan yon lòt eleman IEP timoun nan.

Si yon timoun mande sèvis pwolonje ane eskolè, IEP an dwe genyen edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo ke yo pral bay andeyò lekòl nòminal lan.

Sèvis tranzisyon:

Sèvis tranzisyon yon pake aktivite ki koòdone epi ki fèt pou voye monte mouvman ki soti lekòl pou rive nan aktivite apre lekòl, tankou edikasyon apre lekòl segondè, daryè ak

edikasyon teknolojik, travay entegre, sèvis pou granmoun, vi otonòm oswa patisipasyon nan kominote. Pake aktivite sa-a baze sou bezwen yon timoun, konsidere preferans ak entèrè timoun nan, epi genyen etid, sèvis ki ratache, ak aktivite kominote.

- IEP an kòmanse lè yon timoun gen 14 an, oswa lè li pi piti, si sa konvni; yo aktyalize li chak ane, epi li dwe genyen yon deklarasyon bezwen sèvis tranzisyon timoun nan ki konsantre sou etid timoun nan.
- Premye IEP an kòmanse an vigè lè timoun nan vin genyen 16 an, oswa lè li pi piti si ekip IEP an te detèminen sa apwopriye, epi yo aktyalize li apre sa; IEP an dwe genyen —
 - Objektif apwopriye apre lekòl segondè yo ka mezire epi ki baze sou evalyasyon tranzisyon ki konvni pou laj li epi ki gen rapò ak fòmasyon, edikasyon, travay epi kote ki konvni, konpetans pou viv pou kont li; epi
 - Sèvis tranzisyon (tankou etid) yo bezwen pou ede timoun nan atenn objektif sa yo.
- Kondisyon pou bay sèvis tranzisyon pa aplike pou yon elèv andikape ki kondane tankou yon granmoun dapre lalwa Leta an epi ki prizonye nan prison pou granmoun epitou ki pa pral elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache anvan li lage.

Rezime Pèfòmans:

Pou yon timoun ki vin pa elijib, yon etablisman piblik dwe bay timoun nan yon rezime pèfòmans akademik li ak rezime pèfòmans fonksyonèl li, ki dwe genyen rekòmandasyon sou kijan pou ede timoun nan atenn objektif apre lekòl segondè li.

Bay Konsantman Pou Sèvis Edikasyon Espesyal Kòmanse:

Yon etablisman piblik dwe jwenn alekri konsantman paran anvan yo koumanse bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache ba yon elèv andikape. Yon etablisman piblik kapab pa bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache si paran yon elèv refize bay etablisman piblik yo konsantman kòm sadawa alekri pou li kòmanse edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo, oswa si li pa reponn yon denann etablisman piblik pou bay konsantman li pou yo kòmanse edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Si yon paran refize bay konsantman li pou yo kòmanse edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, etablisman piblik la **pa kapab** bay timoun nan edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Si paran yon timoun andikape refize bay premye konsantman li, etablisman piblik la pa pral vyole kondisyon pou li kenbe FAPE disponib epi li pa oblije konvoke yon reyinyon ekip IEP la ni devlope yon IEP pou elèv la.

Anile Konsantman Pou Sèvis Edikasyon Espesyal:

Depi 31 Desanm 2008, Lwa pou Edikasyon Moun Andikape (IDEA) otorize paran anile konsantman yo pou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo. Kidonk, yo ap sispann edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache pou pitit yo. Menmsi chanjman sa-a envalide ansyen entèpretasyon Depatman Edikasyon Ameriken an, li annakò avèk

ensistance Lwa IDEA an sou wòl paran pou pwoteje dwa pitit yo ak objektif Depatman an pou ranfòse patisipasyon paran ak desizyon yo pou edikasyon pitit yo.

Nenpòt kilè apre yon etablisman piblik kòmanse bay yon timoun andikape sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, paran timoun nan kapab revoke **alekri** konsantman li pou yo kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Etablisman piblik lan kapab pa kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo ba timoun sila-a, men li dwe bay paran an yon preyavi alekri anvan yo sispann bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Yon etablisman piblik pa kapab **itilize** medyasyon oswa yon pwosè kòm sadwa pou jwenn yon rezolisyon oswa yon desizyon ke yo kapab bay timoun nan sèvis yo. Yo pa pral konsidere etablisman piblik lan vyole kondisyon pou li kenbe FAPE disponib pou timoun nan paske li pa te bay timoun nan plis sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache yo. Epi li pa oblije konvoke yon reyinyon Ekip IEP la ni devlope IEP timoun nan pou bay lòt sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache. Menmsi yon paran kapab revoke konsantman li pou yo kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache, etablisman piblik la pa oblije modifiye dosye edikasyon timoun nan pou efase okenn prèv ki montre timoun nan te resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache paske yo te anile konsantman an.

Devlopman, Egzaminyasyon ak Revizyon IEP:

Lè yo ap devlope, egzaminen, oswa revize IEP yon timoun, Ekip IEP an pral konsidere epi dokimante:

- Pwen fò timoun nan ak enkyetid paran li pou ranfòse edikasyon pitit yo an;
- Premye rezilta evalyasyon timoun nan yo oubyen sa ki pi resan yo;
- Bezwen akademik, fonksyonèl ak pou devlopman timoun nan;
- Rezilta pèfòmans timoun nan nan Pwogram Evalyasyon Leta oswa nan tout distrik la, si sa konvni;
- Bezwen li pou kominike;
- Aparèy teknoloji pou ede li ansanm ak bezwen timoun nan pou sèvis.
- Konsiderasyon faktè espesyal, pou timoun nan sèlman, tankou:
 - nan ka yon timoun konpòtman li anpeche li aprann oubyen konpòtman lòt timoun, konsidere itilize entèvansyon pozitif nan konpòtman li epi sipò ak lòt strateji pou abòde konpòtman sila-a;
 - nan ka yon timoun ki pa fin pale Angle, konsidere bezwen langaj timoun parapò ak IEP timoun nan;

– Nan ka yon timoun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, fè li aprann nan langaj Braille, avèk liv an Braille, epi itilize Braille sòfsi ekip IEP an detèminen apre li fin evalye kapasite timoun nan pou li li epi ekri, bezwen li, ak mwayen ki apwopriye pou lekti ak ekriti (avèk yon evalyasyon bezwen timoun nan alavni pou aprann nan langaj Braille oswa itilize Braille), enstriksyon an Braille oswa itilize Braille pa apwopriye pou timoun nan, liv an Braille ladan tou; epi

– Nan ka yon timoun ki soud oswa ki gen tande di, konsidere lang timoun nan ak bezwen pou li kominike, okazyon pou li kominike an dirèk avèk kanmarad li ak estaf pwofesyonèl nan lang li, epitou mwayen kominikasyon li, nivo akademik li, tout bezwen li yo, tankou okazyon pou yo enstri li nan pwòp lang li ak nan mwayen kominikasyon li.

Si apre yo fini konsidere faktè espesyal pi wo la yo, yon Ekip IEP detèminen timoun nan bezwen yon aparèy espesyal, yon sèvis, entèvansyon, aranjman espesyal oswa yon chanjman pwogram lan poutèt timoun nan ka resevwa FAPE, ekip IEP an dwe fè yon deklarasyon sou sa nan IEP timoun nan.

Antank manm ekip IEP an, yon pwofesè edikasyon jeneral timoun nan dwe, si sa konvni, patisipe nan devlopman IEP timoun nan. Li dwe patisipe nan deside fòm entèvansyon pozitif nan konpòtman li ki apwopriye ansanm ak sipò avèk lòt strateji pou timoun nan, epitou lòt sèvis ak èd, chanjman pwogram, ak sipò pou anplwaye lekòl.

Ekip IEP an egzaminen IEP timoun nan detanzantan, omwen chak ane, pou:

- Deside si timoun nan ap atenn objektif anyèl li; epi
- Revize IEP an, jan sa konvni, pou abòde —
 - nenpòt ki mankman nan pwogrè li pou li atenn objektif anyèl li yo ak nan pwogram edikasyon jeneral li an, si sa konvni;
 - Rezilta yo nenpòt ki reevalyasyon; – Enfòmasyon sou timoun nan ke paran yo bay oswa ke yo bay paran yo;
 - Bezwen yo prevwa pou timoun nan; oswa
 - lòt koze ki konsènen pwogram timoun nan.

Chanjman:

Paran timoun nan ak etablisman piblik lan kapab dakò pou yo pa konvoke yon reyinyon ekip IEP an pou chanje pwogram IEP li. Lè yo ap chanje IEP yon timoun nan apre reyinyon anyèl IEP an pou yon ane eskolè, paran yon timoun andikape ak etablisman piblik lan kapab dakò pou devlope yon dokiman ekri pou chanje IEP aktyèl timoun nan. Si paran an mande sa, yo dwe ba li yon kopi revise IEP an chanjman yo ladan li.

Plasman:

Antank manm ekip IEP an, paran yo patisipe nan desizyon sou plasman pitit yo. Si sa posib, elèv andikape yo, elèv nan lekòl piblik, prive, oswa lòt etablisman swen, resevwa edikasyon avèk elèv ki pa andikape. Ekip IEP timoun nan chak ane va:

- Detèminen plasman lekòl timoun nan, selon IEP an; epi
- Konfimen ke timoun nan jwenn edikasyon nan lekòl timoun nan va frekante an si li pa andikape, sòfsi IEP timoun nan egzije kèk lòt aranjman.

Si timoun nan kondane kòm yon granmoun dapre lalwa Leta an, si li nan yon prizon pou granmoun epi si Leta demontre yon pyès sekirite an bòn fwa oubyen yon enterè nan kondanasyon an ki pa kapab ranje yon lòt jan, ekip IEP an kapab modifye IEP oswa

plasman timoun nan.

Aplikasyon IEP:

Etablisman piblik la dwe asire:

- yo aplike IEP timoun nan touswit apre yo fin devlope li, sòfsi reyinyon an fèt pandan vakans dete oswa pandan lòt vakans, oubyen lè sikonstans lakòz yon reta tankou fè aranjman pou transpòtasyon.
- yon IEP an vigè pou timoun nan lè ane lekòl lan kòmanse.
- Tout pwofèsè, tout moun ki bay sèvis ki ratache yo epi tout lòt moun ki bay sèvis epi ki responsab aplike IEP timoun nan, kapab konsilte IEP an.
- Yo dwe enfòme chak moun ki idantifye kòm moun k'ap bay sèvis ba timoun nan sou responsablite yo genyen sou jan pou aplike IEP timoun nan epi sou aranjman, ak sipò yo dwe bay.
- Paran reseva yon kopi IEP pitit yo an gratis.

Timoun ki Transfere nan Yon lòt Etablisman piblik:

Transfè anndan menm Leta –

Nan ka yon timoun andikape ki transfere etablisman piblik pandan menm ane lekòl, epi ki enskri nan yon nouvo etablisman piblik avèk yon IEP ki te an vigè nan menm Leta an, etablisman piblik la dwe:

- Bay timoun nan edikasyon piblik ki konvni li gratis, e ki genyen sèvis tankou sa yo dekri nan IEP ki te fèt anvan sa, an konsiltasyon avèk paran yo jouktan etablisman piblik lan adopte IEP ki te deja fèt la; oswa
- Devlope, adopte, epi aplike yon nouvo IEP annakò avèk lalwa federal ak lalwa Leta.

Pou fasilite tranzisyon yon timoun ki transfere anndan menm Leta, nouvo etablisman piblik la kote elèv la enskri an dwe pran mezi rezonab pou chache genyen touswit dosye elèv la nan men etablisman piblik kote li soti an tankou:

- IEP ak dokiman sipò; epi
- Nenpòt ki lòt dosye sou sèvis edikasyon espesyal oswa sèvis ki ratache yo te bay timoun nan.

Transfè andeyò Leta –

Nan ka timoun andikape ki transfere etablisman piblik pandan menm ane lekòl, epi ki enskri nan yon nouvo etablisman piblik avèk yon IEP ki te an vigè nan yon lòt Leta, etablisman piblik la dwe:

- Bay timoun nan edikasyon piblik ki konvni li gratis, e ki genyen sèvis tankou sa yo
-

dekri nan IEP ki te fèt anvan sa, an konsiltasyon avèk paran yo jouktan etablisman piblik lan fè yon evalyasyon, si li jije sa nesèsè; epi

- Devlope yon nouvo IEP, si sa konvni, ki annakò avèk lalwa federal ak lalwa Leta.

Pou fasilite tranzisyon yon timoun ki transfere andeyò Leta, etablisman piblik anvan an kote timoun nan te enskri an dwe pran mezi rezonab pou reponn touswit a demann nouvo etablisman piblik lan fè pou resevwa dosye edikasyon li.

Kondisyon pou Resevwa Diplòm:

Etablisman piblik la dwe enfòme paran sou kondisyon Leta ak kondisyon lokal pou diplome ak sou pwogrè pitit yo an pou li satisfè kondisyon sa yo. Lè yon elèv andikape diplome nan lekòl segondè avèk yon diplòm nòmal lekòl segondè, etablisman piblik la pral notifiye paran an sou pwochen diplòm pitit li an pral resevwa. Lè timoun nan resevwa yon diplòm nòmal lekòl segondè, sa se yon chanjman nan plasman li epi sa sispann dwa timoun nan pou li benefisye FAPE.

Sèvis pou Ane Eskolè ki Pwolonje (ESY):

Sèvis pou Ane Eskolè ki Pwolonje (ESY) vle di pwolonjman endividyèl edikasyon espesyal ak sèvis ki ratache ke yo bay yon elèv andikape andeyò ane lekòl nòmal etablisman piblik lan, selon IEP an, san paran an pa peye frè, epi sa satisfè kondisyon MSDE yo. Sèvis ESY nesèsè sèlman pou FAPE lè benefis yon elèv andikape jwenn pandan yon ane lekòl nòmal pral menase anpil si elèv lan pa resevwa yon pwogram edikasyon pandan vakans dete. Yon etablisman piblik kapab pa limite sèvis ESY pou sèten kategori andikap ni limite pou kont pa li kalite andikap lan, montan lajan, ni kantite tan sèvis sa yo va dire.

Yo bay sèvis ESY si ekip IEP timoun nan detèminen, dapre chak moun, ke sèvis yo nesèsè pou FAPE. Yo dwe avize paran yo si sèvis ESY disponib ki va nesèsè pou satisfè bezwen espesyal yon elèv andikape. Omwen chak ane, ekip IEP an dwe detèminen si elèv lan bezwen sèvis ESY. Yo dwe pran desizyon sa-a bonè pandan ane lekòl lan pou bay paran an ase tan pou li egzèsè dwa pou garanti pwosed yo si yo a pa dakò avèk pwopozisyon etablisman piblik lan te fè. Men li pa dwe fèt twò bonè sinon sa va lakòz paran an pa gen ase enfòmasyon pou li pran yon desizyon byen enfòme. Pou decide si benefis yon elèv andikape jwenn pandan yon ane lekòl nòmal pral menase anpil si timoun nan pa te resevwa yon pwogram edikasyon pandan vakans dete, ekip IEP an dwe konsidere faktè sila yo:

- si IEP timoun nan genyen objektif anyèl ki gen rapò ak konesans pratik li pou li degaje li nan lavi;

- si timoun nan kapab pral fè bak anpil nan konesans pratik li pou li degaje li nan lavi poutèt lekòl lan te fèmen nòmalmman epi si li pa te reaprann konesans sa yo nan yon delè rezonab;
- Pwogrè timoun nan pou li metrize objektif IEP yo;
- Kapasite ki fèk ap manifeste oswa opòtinite k'ap pèse;
- Konpòtman ki entèfere;
- Ki kalite epi oswa ki degre grav andikap la; epi
- Sikonstans espesyal.

Ekip IEP an pral konsidere chak faktè sa yo apa pou li deside konsekans yo sou kapasite elèv lan pou li resevwa benefis edikasyon Pwogram lan. Pandan l'ap konsidere bezwen li pou jwenn sèvis ESY, yo dwe aplike prensip sa-a pou chak grenn elèv. Ekip IEP an dwe dokimante faktè li konsidere yo ansanm ak rezilta yo bay pou detèminen si benefis ak pwogrè li te fèt pandan ane nòmral lekòl lan pral menase anpil si elèv la pa resevwa sèvis pou Ane Eskolè ki Pwolonje.

Sa se yon piblikasyon Depatman Edikasyon Leta Merilann, Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè. Depatman Edikasyon Leta Merilann pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, koulè li, sèks li, laj li, peyi kote li fèt, relijyon li oswa poutèt li andikape, pou koze bay travay epi fè moun antre nan Pwogram lan. Pou enfòmasyon ki gen rapò ak règleman depatman an, kontakte Branch Equity Assurance and Compliance nan 410-767-0246 Telefòn, 410-333-2226 Faks, oswa 410-333-6442 TDD. • Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè te devlope epi pwodi dokiman sa-a avèk finansman Depatman Edikasyon Ameriken, Biwo pou Edikasyon Espesyal ak Sèvis Reyabilitasyon, IDEA, Part B, Grant #H027A080035A. • Opinyon ki eksprime ladan li se pa nesèsman opinyon pa Depatman Edikasyon Etazini ni okenn lòt biwo federal epi yo pa dwe jije yo konsa. • Enfòmasyon sou dwa rezève yo gratis. Yo ankouraje moun k'ap li yo pou yo fè kopi li epi pataje li, men tanpri mansonnen Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Merilann. • Dapre Lwa pou Ameriken ki andikape (ADA) dokiman sa-a disponib nan lòt fòma, si ou mande sa. Kontakte Sèvis Fanmi ak Branch ant Ajans nan 410-767-0858 Nimewo Telefòn, 410-333-1571 Nimewo Faks, 410-333-0731 TDD.

Depatman Edikasyon Leta Merilann, Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè 200 West Baltimore Street, 9th floor Baltimore, MD 21201 410-767-0261 telefòn • 1-800-535-0182 nimewo gratis 410-333-8165 nimewo faks • 410-333-0731 TDD www.MarylandPublicschools.org Nancy S. Grasmick, Direktè Lekòl Leta James H. DeGraffenreidt, Jr., Prezidan, Komisyon Leta pou Edikasyon Carol Ann Heath-Baglin, Direktè jeneral Adjwen Leta, Divizyon Edikasyon Espesyal /Sèvis Entèvansyon Bonè Martin O'Malley, Gouvènè